

# ANN BAY LODYANS 16

## Yon Ti Degi

Se Bryant Freeman  
("Tonton Liben") ki  
pare ti liv sa a.



PM  
7854  
.H39  
A56  
2000  
v. 16

### AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Invèsite Kannzas

Bon Nouvèl


Fondasyon Alfa Lwès

2000

PM  
7854  
.H39  
A56  
2000  
v. 16

# BOUKI AK PYE KÒB

Ti Malis fèk sot nan mache. L ap konte lajan li. Li louvri yon gwo mouchwa wouj chaje ak pyès senkant kòb, ven kòb, dis kòb ak senk kòb. Bouki egare devan tout kòb sa a. Li mande Ti Malis: "Kote ou jwenn tout kòb sa yo?" Ti Malis reponn: "Se Tonton Elifèt ki ban m yo. Li gen yon gwo pye kòb nan mitan jaden l." Lè Ti Malis fini, li mare tout kòb li nan mouchwa wouj la, e l al lonje kò l sou nat li pou li fè yon ti kabicha.



Bouki li menm pa janm dòmi. Li chita de men nan tèt. L ap sonje gwo pye kòb la. Ti Malis dòmi dòmi l. Lè l louvri je l, li wè mouchwa a vid. Tout kòb la disparèt. Li gade Bouki, li wè figi l yon jan dwòl. Li di: "Tonton Bouki, sa ou fè ak kòb mwen an? Remèt mwen lajan mwen touswit!" Bouki ri, li di: "Malis, ou pral kontan. Se yon bon bagay mwen fè pou ou. Pandan ou t ap dòmi, mwen plante tout pyès kòb yo nan jaden an. Lapli pral tonbe, tout pyès kòb yo pral leve. Nou pral gen yon kantite pye kòb. N ap gen kòb pase Tonton Elifèt."

**Malis mete men nan tèt. Li di: “Wouch! Sa ou fè la a, Tonton Bouki?”** Malis kouri nan jaden an, men Bouki blyie kote li plante kòb yo. Yo fouye, yo fouye, yo chache, yo chache, yo voye kout pikwa. Yo pa jwenn anyen. Malis kagou, li di:



“Bouki, kouman ou fè sòt konsa? Pye kòb pa janm egziste!” Bouki reponn: “E ou Malis, kouman ou fè manti konsa? Bonjou ou pa laverite.”

J. T. Cardozo

---

## LENMI NOU



**Bòs Tichapo se te yon tafyatè tout moun nan pawas la te konnen.** Yon jou, pè a kontre I nan lari. Li di I: “**Bòs Tichapo, kilè ou ap kite bwè? Tafya se pi gran lenmi ou.**”

**Nèg la reponn pè a: “O monpè, apa dimanch pase ou preche nan lamès, kijan nou fèt pou nou renmen lenmi nou!”**

**Pè a di li: “Se vre, mwen di nou pou nou renmen lenmi nou, men mwen pa janm di pou nou vale yo.”**

# **TIM? TIM? / BWA CHÈCH!**

- 1) Kisa ki gen kat pat, ki konn manje pay, ki gen yon ke, epi ki kap wè menm jan devan kou dèyè?**
- 2) Kisa yon nèg kap fè sou de janm, yon chen kap fè sou twa janm, epi yon fi kap fè lè I chita?**
- 3) Yo sèvi I manje, li kanpe sou kat pye, men li pa kapab manje.**
- 4) Mwen rantre blan, mwen soti milat.**
- 5) Te gen twa gwo moun kanpe anba yon sèl ti parapli, men pyès moun nan yo pa t mouye. Poukisa?**
- 6) Lè m chita, mwen pi wo pase lè m kanpe.**
- 7) Kisa tout moun lemonn ap fè kounye a menm menm?**
- 8) Lè ou te pèdi yon bagay, poukisa se toujou nan dènye kote ou chache a ou fin jwenn li?**
- 9) Dezabiye mwen, ou a kouche.**
- 10) Yo koupe m sou tab, men yo pa kapab manje m.**
- 11) Senk mennen kat nan machin trannde.**
- 12) Konben kokoye ou ka mete nan yon makout vid?**

- 13) Dekwa bwè, dekwa manje, dekwa jete.
- 14) Mwen gen yon ti zwazo: mwen mete li atè, li pa vole; kou mwen ba li dlo, mwen pèdi li.
- 15) Do ale, do vini.
- 16) Poukisa yon kwafè ta pito fè tèt dis moun ki soti Okay, pase yon sèl moun ki soti Pòtoprens?

*Chita Pa Bay*

---

## REPONS

- 1) Yon bouriik aveg.
- 2) Bay lanmen.
- 3) Yon tab.
- 4) Yon pen.
- 5) Lapili pa t ap tonbe.
- 6) Yon chen.
- 7) Y ap vin pi vye.
- 8) Paské le ou jwenn li, ou pa chache l anko.
- 9) Yon kabann.
- 10) Kat pou jwe.
- 11) Senk dwet mennen yon touchet nan yon bouc'h.
- 12) Yon sèl, paské apre sa, makout la pa vid anko.
- 13) Yon kokoye.
- 14) Yon kannot.
- 15) Yon dodin.
- 16) Paské ak dis moun, li ta fe plis kòb.

## LÈT POU PAPA BONDYE

Vwala se yon pòv malere ki te bouke manje mizè. Li te deside ekri Papa Bondye yon lèt pou li mande yon chanjman nan sitiyasyon lavi li. Adrès li te mete nan lèt la se te: "Gran Pè Etènèl, Katye Jeneral, Osyèl."



Lèt la bouke mache de peyi an peyi. Anfen, yon chèf lapòs deside louvri l. Lè li fin li jan sitiyasyon malere a te ba, kè l fè l mal. Li mete senkant goud nan yon anvlop, li voye bay mouche.

Msye te kontan anpil. Epi lamenm li ekri yon lòt lèt ankò ak menm adrès la. Li di: "O Papa Bondye, mèsi anpil. Men tanpri souple, lè ou ap voye ti kichòy pou mwen ankò, pa voye l pa lapòs, non. Chèf lapòs yo vòlò twòp. Yo pran nan sa ou te voye ban m lan. Se senkant goud ase mwen jwenn."

Blan Woni, Ench

---

## ISTWA PATAT

Mèt Kalkil: Si ou te gen dis (10) patat, e ou bezwen separe yo pou bay senk (5) moun egalego, kijan ou ta fè?

Ti Mari: M ta fè pire patat, wi.



## **YON TI KABOUYA**

**Filip:** Cheri, ou bèl,  
men ou sitèlman  
bèt.



**Kristyàn:** Ou gen rezon,  
Filip. Se poutèt  
sa m te rive  
marye avè ou.

**Filip:** Kouman? Sa ou di m la a?

**Kristyàn:** Men wi, cheri. Se paske m bèl, ou te  
chwazi m. Men se paske m bét, m te  
asepte ou.

---

## **YON PWOBLÈM CHOSÈT**



Bouki pral lekòl. Yon vye  
granmoun fanm vwazinaj la rele  
l. Li di l konsa: "Bouki, chosèt  
pa ou byen enteresan, wi. Gen  
youn ki jòn e lòt la ble."

**Bouki reponn:** "Se vre, wi. Epi bagay mwen pa  
ka rive konprann, sèke m gen yon lòt pè chosèt  
lakay ki sanble tèt koupe ak yo tou!"

## DON POU MIZIK

Te gen yon nèg ki te nan prizon. Pandan yo aliyen tout prizonye nan lakou kazèn lan, yon lyetnan di: "Tout moun ki genyen don pou mizik, yo mèt soti nan ran."

Vreman vre, nèg la ak twa lòt jenn gason kouri soti nan ran ak kè kontan. Lyetnan an di: "Dakò.



Y ap fè yon babako pou tout ofisye yo. Genyen yon gwo pyano pou nou pote nan sal la."

Pyè Wolen, Senlidinò

---

## TÈT DESALIN

Yon blan rantre an Ayiti. Li mande yon nèg: "Fè m jwenn tèt Jan Jak Desalin, pou souvni." Nèg la, sa li gen pou fè, li rantre nan yon simityè, li pran yon tèt byen vit. Li pote l bay blan an.

Blan an di konsa: "Sa a pa tèt Desalin. Tèt Desalin pa kapab piti konsa." Nèg la di: "Sa a se tèt Desalin lè l te timoun!"



# MANGO A MI

Se Bouki ak Malis ki t ap pwonmennen. Bouki di Malis: "Men yon pye mango, ann al fè yon tchèk." Malis reponn: "A, monchè, nou pa nan sezon mango." Men, Bouki al monte kanmenm.

Lè I rive anwo pye mango a, chans pa I, li wè yon gwo mango sou pye a. Li tate mango a, epi li desann. Malis di I: "Kouman, mango a pa mi?" Bouki reponn: "Men wi, monchè. M desann pou m voye wòch pou m keyi I."



## YON KANSON

Mèt Kalkil: Ti Pyè, si ou te mete men ou nan pòch kanson ou, epi ou te jwenn kat goud, epi touswit apre ou te mete men ou nan lòt pòch kanson ou, e ou te jwenn yon goud, kisa ou ta genyen?

Ti Pyè: Kanson yon lòt moun, wi!



# YON SENKANT KÒB

*Yon ti gason fèk rantre sot lekòl. Lijwenn manman I ap tann li devan pòt la.*

**Manman:** Sa k fè ou fè gran reta sa a anvan ou vini?

**Ti Gason:** Te gen yon madanm ki te pèdi senkant kòb. Li t ap chache lajan an toupatou.



**Manman:** O ptit mwen, m espere ou te ede I chache lajan an, e se sa k fè ou mize konsa!

**Ti Gason:** Non manman, se pa sa ditou. Fòk ou konnen senkant kòb la te anba pye m. Mwen te oblige tann jouk lè madanm lan fin ale pou m te pran li.

**Tètè, Pòtoprens**

---

## FI AK GASON

**Fi:** Yo te mande m deja anpil anpil fwa pou m marye.

**Gason:** Ki moun sa yo, lè ou di "yo"?

**Fi:** Manman m ak papa m, wi.



# PÒV MONTE TOU!



Se yon pòv ki t ap  
mande charite nan lari. Yon  
madanm byen chèlbè vin ap  
pase. Msye mande yon ti  
lacharite. Madanm lan lage  
senk kòb nan kwi li. Msye  
voup li voye senk kòb la atè.

Li di: “Gade frenk,  
madanm! Pa betize ou avè  
m, tandem! Ou pa frenk konnen tout bagay monte,  
pòv monte tou!”

Jonasen Ezayis

## YON LÈT SEKRÈ

Vwala Bouki ak Ti Malis te lakay  
yo yon jou. Ti Malis t ap li yon lèt,  
men zòrèy li te bouche ak koton. Yon  
lòt moun rive, li mande: “Sa k pase  
isit la? Poukisa Ti Malis gen koton  
nan toude twou zòrèy li yo?”

Ti Malis reponn: “Konpè Bouki pa  
konn li. Konsa m ap li yon lèt mennaj  
li te voye ba l, men li pa vle m tandem sa mennaj li  
te di l.”



## PA MWA

Te genyen yon nèg ki te gen anpil lajan. Yon jou, li rele Ti Djo, epi li di l konsa: "Monchè, kouman afè ou ye?" Ti Djo reponn li: "Afè m pa bon menm." Li di l ankò: "Bon, vin kote m denmen, m a wè sa m ka fè pou ou."



Lè Ti Djo vini, nèg la ba l senkant goud. Li di Ti Djo: "Chak mwa, ou a vin kote m."

Yon jou, kriz kadyak fè nèg la mouri sibitman. Anpil moun ap kriye pou nèg la. Ti Djo menm t ap tonbe kriz. Lè lòt moun yo konsole, Ti Djo pa kapab konsole. Gen yon nèg ki di: "Men, Ti Djo, se yon nèg ki sansib anpil. Sanble nèg ki mouri a, se paran ak li."

Ti Djo tande sa, li reponn etan l ap kriye a: "Se pa par an, non, se pa mwa, wi!"

Gilnò Reli, Karisad, Ench

---

## SELIBATÈ AP CHACHE

*Yon selibatè ap pale ak yon mouche marye:*

Selibatè: M ta vle jwenn yon madanm  
ki bèl, ki entelijan, ki dosil.

Mouche marye: Mwen menm tou, wi!



## DÈNYE VOLONTE

Yo kondane yon nonm amò. Men se abitid, anvan yo touye l, pou l di yon dènye bagay li vle. Chèf yo mande l: "Kisa ou vle anvan nou touye ou? Yon siga?" Nèg la di: "Non." Yo mande l ankò: "Yon ti vè wonm?" Nèg la di: "Non." Yo di: "Men kisa ou vle atò?"



Nèg la reponn: "M ta renmen aprann pale angle."

---

## YON ISTWA PISTACH


Ti Maryàn t ap konte pistach li yo. Epi li te mande grann li: "Grann, èske ou konn manje pistach?" Grann li reponn: "Non, pitit mwen, m pa kapab, paske m pa gen dan."

Sanzatann Ti Maryàn vide tout pistach li yo nan pòch grann li. "Oke, konsa ou ka gade yo jouk lè m soti lekòl, wi."



## **YON TI MOMAN**

Tijan fè yon rèv. Li wè li kanpe devan fotèy papa Bondye. Li di: "Papa Bondye, pou ou menm, yon milyon ane, se konben tan sa ye?" Bondye reponn li: "O, sa se yon ti moman." Tijan di: "E yon milyon dola, se konben lajan?" Bondye di: "A, sa se tankou senk kòb."



Tijan kouri reponn: "Woy! Papa Bondye, ban m senk kòb, non." Lamenm Bondye di: "Tann yon ti moman, wi."

---

## **YON FI KI DIFERAN**

Jojo: Poukisa ou konn soti toujou ak menm fi sa a?

Jak: Se paske li byen diferan pase lòt fi yo, monchè.

Jojo: Li menm menm? Diferan? Kijan sa a?

Jak: Paske se li menm sèl ki vle soti ak mwen!



## VOYE LÈT

**Ti Malis:** Sa ou ap fè la a ak yon kreyon epi ak papye a, ti papa?

**Bouki:** M ap ekri yon lèt pou voye bay frè m lan.

**Ti Malis:** Se blag ou ap ban m la, monchè. M konnen byen ou pa konn ekri.

**Bouki:** Pa gen pàn. Frè m lan, li pa konn li tou!



## ISTWA FRÈ

**Mèt Kalkil:** Si m te ba ou de (2) sirèt, epi m te di ou se pou ou bay frè ou youn, se ti sirèt la oubyen gran sirèt la ou ta ba li?


**Ti Toto:** Eskize m, chè mèt. Èske se ti frè m lan, oubyen gran frè m lan ou vle di la a?



# PWAZON!

Te gen yon gason yo te rele Ti Bòs. Yon jou papa I te malad. Li voye Ti Bòs rele yon doktè. Doktè a t ale kote li, li konsilte I, e li wè li te malad nan kè. Konsa Ti Bòs ale nan famasi. Yo ba I de (2) ti boutèy renmèd. Youn se te yon renmèd papa I te bezwen bwè pou kè I. Lòt la se te pou friksyonnen kò li, e ki te make an gwo lèt PWAZON.

Ti Bòs, ki te menm jan tankou papa I, pa t konn li. Ti Bòs ak papa I te twonpe toude. Papa a te friksyonnen kò I ak bon renmèd pou kè, epi li te bwè lòt la ki te make pwazon. Papa a mouri tèt nwè.



FÒK TOUT MOUN KOI      KU BOOKSTORES \$2.00  
FÒK TOUT MOUN KOI      0-8400-5123-9



9 780840 051233

50200

FREEMAN, BRYANT  
ANN BAY LODYANS VOL.16

GCON

02/23/01